*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№47
( 9497)

2013 соналъул
**21 июнь**

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## ДЕПУТАТ ИЗБИРАТЕЛАЛГУН ДАНДЧIВАНА

Гьал къоязда районалъул администрациялъул минаялда жаниб Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мирза Ибрагьимовас къабул гьаруна жиндирго избирателал.

«РИА»ялъ лъазабухъе, депутатас къабул гьавун вуго 16 чи.

Районалъул гIемерал гIадамаз М.Ибрагьимовасда бицана жидерго захIмалъабазул хIакъалъулъ, рорхана гIумрудулъ дандчIвалел гIунгутIаби, кваλквалал.

Гьезда гьорлъ рукIана ЖКХялда, рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIлъизариялда, пачалихъалъулал бигьалъабазда, гьекъолеб ва лъалъалеб лъиназда хурхарал суалал.

Киназулго гIарзазе депутатас кьуна чIванкъотIарал жавабал ва гьаруна пайдаял малъа-хъваял.

«Гражданаз жиндаго цере лъурал суалазда тIад хIаракатаб хIалтIи байбихьун буго депутатас. Рес бугебщинал тадбирал гьарулел руго гьес гIарз бахъарал суалал тIуразариялъе», -ян тIаде жубалеб буго РИАялъ.





## ГIАБДУРАХIМАН ДАНИЯЛОВИЧ ДАНИЯЛОВ ГЬАВУРАЛДАСА 105 СОН ТIУБАЯЛДЕ (1908-2013 сс.)

**Районалда ругел батIибатIиял миллатазул г1адамазги ц1ализелъун, материал лъолеб буго гIурус мацIалда.**

**Районалда вукIине бегьула А. Даниялловгун дандчIварав ва гьесул хIакъалъулъ бицине бокьарав чи. Гьединасул мурад кIудияб разилъиялда тIубазабила редакциялъ. Хъвай, телефоналъ ахIе яги рачIа нижехъе!**



Абдурахман Даниялович Даниялов принадлежит к той плеяде строителей нового общества, чьи дела и мысли составляют историческое достояние Дагестана. Трудно представить Дагестан, его историю в отрыве от его имени.

Можно долго перечислять все его должности, ученые степени, награды (он был награжден шестью орденами Ленина, орденом Трудового Красного Знамени, орденом Отечественной войны 1 степени, одиннадцатью медалями), но самое главное его отличие. благодаря которому он достиг таких почестей, это большой и яркий талант руководителя. Причем талант, безраздельно отданный родному народу, партии, Родине.

А. Д. Даниялов прошел большой и трудный путь. Выдвинутый на высокие посты в республике, он более тридцати лет находился на передовых рубежах созидания нового общества. Это один из самых важных и, быть может, самых непростых периодов истории Дагестана, да и всей страны в целом.

Родился А. Даниялов 22 августа 1908 года в селении Ругуджа Гунибского округа. Выходец из горской крестьянской семьи, он через всю жизнь пронес сознание необходимости тесной, прочной связи с трудовым народом.

Рано лишившись родителей, он вместе с младшим братом и сестрой был определен в детский дом, а в 1923 году направлен на учебу в Буйнакский интернат горцев.

Годы учебы в интернате, в первом Дагестанском педагогическом техникуме, затем в Москве в Институте инженеров водного хозяйства, по оценке самого Даниялова, имели решающее значение для его интеллектуального развития.

*Ахир 2-аб.гьум.*

## ОПОЛЧЕНЦАЗУЛ ДАНДЕЛЪИ ТIОБИТIАНА

18 июналъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана ополченцазул данделъи.

Гьебги рагьун, кIалъазе вахъана районалъул бетIер М. ПатхIулаев.

- ХIурматиял ополченцал, нужее гьабулеб буго кIудияб кIваралъул хIалтIи, ай статус кьей. Амма цо-цоязда кколеб буго райадминистрациялде сиях1ги щвезабунин ва гьелда ишги къокълъанин. Гуро, хIурматиял, гьедин данде кколаро. РитIухълъи цIунизе ккола гьеб суалалъулъ. Киназдаго лъан букIинесияхIазул цIех-рех гьабизе буго ФСБялъги.. Унго-унго рагъулел рукIаразе дагьабгIаги жо щвезе биччай.

Хадув кIалъазе вахъана общественнияб организациялъул нухмалъулев ГIумахан ГIумаханов.

- Нилъер районалда ва Дагъистаналда ккарал рагъаз бихьизабуна нилъ рукIин Россиягун биххи гьечIеб цолъиялда. Гьелъие нугIлъи гьабула Россиялъул армиялъ ва цогидалги гIуцIалабазул вакилзабаз нилъее хIалаеги рахъун тушманасда щвезабураб кьабиялъ, гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъ. Гьенир шагьидлъаразул цIарал хъван руго районалъул бетIераб майданалда бараб памятникалда ва, гьединго, чангояв мустахIикълъана «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIаралъе. Дица тIалаб гьабизе буго рагъулъ гIахьаллъаразе шапакъатал гуребги, цогидаб кумек щвеялъеги.

Тушманасда тIад бергьенлъи босизе гIоло къеркьарал руччабиги гIемерал руго районалъул щибаб росулъ. Гьезул хIеренал кверaз къасиги къадги кьижичIого, хIалхьи – свак лъачIого гьабуна рагъухъабазе квен, руччабаз бижизабуна нилъер бихьиназулъ тушмангун къеркьезеги гIагараб ракьалдаса гьел рачахъизеги гьира,- ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай.

Гьединго, кIалъазе рахъана Салман ХIасбулаев, МухIамадхIажи МухIамадхIажиев, Абакар Шарипов, МухIамад ГIумаров, Сакинат Ражабдибирова ва гь.ц.

Аллагьас тIокIаб биччагеги нилъеда тIаде гьединаб бальгояб балагь.

***П. ДИБИРОВА***

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от **17 июня 2013 года** **№ 16** **с. Ботлих**

**О назначении дополнительных выборов депутата Собрания депутатов МР «Ботлихский район» в Гагатлинском одномандатном избирательном округе №6**

В соответствии с ч.2 статьи 85 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» Территориальная избирательная комиссия Ботлихского района., **постановила:**

1. Назначить на 8 сентября 2013 года дополнительные выборы депутата Собрания депутатов МР «Ботлихский район» по Гагатлинскому одномандатному избирательному округу №6.
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель территориальной избирательной комиссии** **А. Гаджиев**
**Секретарь территориальной избирательной комиссии** **П. Алиева**

# ГІАБДУРАХІМАН ДАНИЯЛОВИЧ ДАНИЯЛОВ ГЬАВУРАЛДАСА 105 СОН ТІУБАЯЛДЕ (1908-2013 сс.)

Авал 1-себ.гьум.

В 1935 году, с отличием окончив институт, Абдурахман Даниялович по настоянию Н. Самурского возвращается в родной Дагестан и активно включается в дела республики.

В те годы, как и многих большевиков-ленинцев, молодого коммуниста А. Д. Даниялова очень тревожили те негативные явления, которые все активнее входили в жизнь советского общества в связи с нарушением ленинских норм партийной жизни. Он был потрясен необоснованными репрессиями, арестами многих своих старших товарищей, наставников, знакомых. Его попытки выступить в их защиту не дали никаких результатов.

Годы работы наркомом земледелия Дагестана, в аппарате обкома партии, Председателем Совета Народных Комиссаров (1937-1948 г.г.) обогатили его опытом партийного, советского руководства, отшлифовали талант замечательного организатора, большого пропагандиста партийных идей.

В годы Великой Отечественной войны областная партийная организация, Совнарком Дагестана обеспечили быструю перестройку всей экономики на военный лад, мобилизацию всех сил трудящихся и ресурсов республики на удовлетворение нужд фронта. Член военного совета 44-й армии, Абдурахман Даниялов в течение длительного времени находился на разных участках Северо-Кавказского фронта, выполняя боевые задания по строительству оборонительных сооружений.

Во всем блеске незаурядный талант Абдурахмана Данияловича раскрылся на посту первого секретаря обкома партии. Без малого двадцать лет (1948-1967 гг.) был он душой Дагестанской областной организации, уверенно вел ее от успеха к успеху. Он всегда держал руку на пульсе своего народа, жившего кипением страстей послевоенного возрождения и развития. Множество сложных вопросов, поставленных жизнью,



практикой социалистического строительства, приходилось решать в те годы в республике: строить крупные машиностроительные и приборостроительные заводы, создавать домостроительную индустрию, закладывать основу для каскадного строительства гидроэлектростанций на Сулаке, сохранить и расширить Дагестанский филиал АН СССР как научный центр во всем Северо-Кавказском регионе, решать трудные проблемы межнациональных отношений, развивать на социалистических началах народное образование, науку, культуру, искусство. Все это связано с именем Абдурахмана Данияловича Даниялова. Сегодня мы с особой признательностью вспоминаем подвиги тех, кто под руководством областной партийной организации начал грандиозное обновление республики.

Говоря о личных качествах А Д. Даниялова, характеризующих его нравственный облик, следует подчеркнуть, что главным, определяющим для него была убежденность в правоте марксистского учения, в справедливости политики ленинской партии, делу которой он посвятил всю свою жизнь.

По-горски прямой и твердый, он был вместе с тем необыкновенно сердечным, открытым, умел радоваться чужому успеху, обладал подлинным демократизмом интеллигентного человека.

Умудренный житейским опытом, много сделавший для республики, он хорошо разбирался в людях. Его как признанного лидера коммунистов Дагестана близко знали и любили в народе, люди шли к нему. Многих он знал в лицо, по имени.

Натуре А. Д. Даниялова глубоко противны были чиновничьи, бюрократические замашки. В кабинете его был установлен открытый прием посетителей, а в разборе жалоб и заявлений нередко участвовали члены бюро, ответственные работники аппарата. На каждое событие он реагировал не только умом, но и сердцем. Как никто другой умел выслушать человека до конца, не перебивая его. Умел предельно ясно излагать свое мнение.

Абдурахман Даниялович был тем человеком, общаясь с которым, партийные и советские работники могли научиться искусству самоконтроля, секретам человеческого отношения к окружающим, умению говорить с людьми.

Считая одним из важнейших условий умелого проведения политики партии подбор и расстановку кадров, особенно в нашей многонациональной республике, Абдурахман Даниялович постоянно заботился о выдвижении компетентных, способных работников, всячески их поддерживал. В народе до сих пор с уважением отзываются о выдвинутых Данияловым людях, ставших впоследствии крупными организаторами народного хозяйства, видными партийными и советскими работниками республики.

Доктор исторических наук А. Д. Даниялов - автор многих книг и брошюр, написанных со свойственными ему глубиной и знанием. Среди них «Советский Дагестан» (М., 1960 г.), «Расцвет экономики и культуры народов Дагестана» (Махачкала, 1961 г.), «О движении горцев Дагестана и Чечни под руководством Шамиля» (Махачкала, 1966 г.), «Думы о Стране гор. Записки секретаря обкома» (М., 1967 г.), «Строительство социализма в Дагестане 1921-1940 гг. Узловые проблемы» (М., 1975 г.) и др.

В истории каждого народа есть события, имена, которые не может, поглотит даже время. Они не уходят навечно в прошлое, не покрываются пеплом забвения. Они всегда с нами - в наших сердцах в наших мыслях. Бережно, как самое бесценное сокровище, завещает их одно поколение другому. К таким принадлежит, имя А. Д. Даниялова.

## ВЫСКАЗЫВАНИЯ О А. ДАНИЯЛОВЕ

**«Люди, которым доводилось встречаться с А. Данияловым, думаю, никогда не забудут этого умного, доброго и внимательного человека. Я, например, после каждой беседы с ним уходил обогащенным, сбросившим тяжелый груз проблем».**

***М Шамхалов, писатель***

**«Меня всегда удивляла простота и доступность**

**Абдурахмана Данияловича, постоянно занятого большими государственными делами, тем более в военные годы … Большой вклад внес А. Д. Даниялов и в изучение истории, археологии и этнографии Дагестана».**

***С. Гаджиева***

**«Имя Абдурахмана Данияловича Даниялова широко известно не только в Дагестане, но и за его пределами. Память о себе он оставил в сердцах дагестанцев глубокую, вечную. С полной уверенностью могу сказать, что любой человек, которому довелось встретиться с А. Данияловым, всегда оставался под обаянием его личности.**

**Он, как никто другой, умел организовать работу, мобилизировать партработников, видел в каждом из них как положительное, так и отрицательное.**

**Абдурахман не любил лицемерие, ложь.**

**Встречи с Данияловым всегда бывали поучительными, деловыми, результативными.**

**Как и у всего дагестанского народа, в моей памяти глубоко и навечно осталась светлая память об Абдурахмане Данияловиче, человеке, который отдал все свои силы, ум, способности без остатка на благо Дагестана.**

***Н.Алиев***

# УЧИТЕЛАСУЛ КЪАДРУГИ ЭБЕЛ-ИНСУЛ ЖАВАБЧИЛЪИГИ ЩIИ ГЪАРИЗИН

Россиялъул нусаза-азар учителас ва миллионал цIалдохъабаз гьал къоязда къо-мех лъикI гьабуна цIалул соналъулгун. Нусаза-азар выпускниказ



ахирисеб цIумуралъул кIочонарел къоязда баркала загьир гьабуна жидее тарбия-лъай кьеялда рухIалда барахщичIого ва ракIбацIцIадго хIалтIулел рукIарал учительзабазе. Жидерго иргаялда учительзабазги лъикIлъи бокьиялъулал ракI-ракIалъулал рагIабаздалъун нух битIизабуна выпускниказе.!

Бихьулеб букIана жиде-жидер выпускниказул къисматалъе гIоло учительзабазул рахIатхвейги…

Ахирисеб цIумуралъул рохалилалги пашманалги къоязда хадубго школазда байбихьана къватIире риччаялъулал экзаменазде-ЕГЭ-ялде. Гьел къабул гьарулел школазда ва гьезда сверухъ ракIарун ругезда гъорлъ выпускниказдасанги цIикIкIун рихьулел рукIана гьезул эбел-эмен. Лъие бокьилареб жидерго лъимералъе битIккей? Узухъда, бокьила щивав эбел-инсуе… Гьединлъидал гьезул цонигиясде гIайиб рехизе бегьиларо лъицаниги, гьеб рехулеб гьечIо дицаги. Щай гурого, гьезул ва гьарун гьел аскIоре лъугьарал учительзабазул кумекалдалъун гурони, бихьухъе, къватIире риччаялъулал экзаменазде хIадурлъи гьечIоан гIезегIанго цIалдохъабазул. Газета цIалулезда циндаго ракIалде ккезе бегьула гьеб рахъалъ гIайиб дица школазде ва гьезул учительзабазде рехизе байбихьулеб бугилан.

Гуро. ТIоцебесеб иргаялда лъималазул гьел экзаменазде хIадурлъи букIунеб гьечIолъиялъе гIайиб тIаде ккола эбел-инсуде, хасго жидерго лъимал гогьдаризарулел эбел-инсуде. ГIезегIан умумул рукIунел руго жидерго лъималазе бокьа-бокьараб гьабулел, компьютеразда хIалел клубазде гьел хьвадиялъулги, рокъор яги къватIазда сардал ращалъизегIанги мобильниял трубкабазда «седон» чIеялъулги, дарсалги гьаричIого хIажатго гьечIел жалазде гьел машгъуллъиялъулги ургъел гьечIел…

Гьеб гуребги, нагагь учителас гьездехун гIарз бахъани, нужер васал, ясал букIине кколедухъ цIалулел гьечIин, рукъобе кьураб тIадкъай тIубазабулеб гьечIин ва гьединго гIадлу хвеялъул хIужаби риччалел ругин, цо-цо эбел-инсуда квеш бихьулеб буго, хIур хъвазецин биччалеб гьечIо гьез жидерго лъималазда.

-Киналго лъимал гьединал руго, нижеде щай гIарзал рахъулел,-янги абун, тIаса бихьулеб буго.

Рукъо-рукъорги,цогидалъурги, бусабазде рахиндал юргъаназда гъоркьги сагIат 1-3 тIубазегIан трубкабазда хIалел рукIунел цо-цо лъималазул бутIрузда жаниб щиб букIинеб? Гьедин макьуги гьечIого, школаздеги рачIун,



партабазда нахъа чIолел гьезул бутIруз къабул гьабулищ учителас, кигIанго лъикI кьурабги, дарсил магIнаги къучIги?

Гьединал, хасго хIалалаб-хIарамаб батIалъи гьабичIого бечелъи бакIарулел, гьеб данд гьабулел эбел-инсул лъималаз школазда цIалулагоги, ЕГЭ кьолагоги, цIализе лъугьунагоги, тIадегIанал заведениябазда цIалулагоги, диплом босулагоги ва гьебги щун хIалтIуде лъугьунагоги, кидагосеб мугъчIвай гьабулеб буго эбел-инсуда, ай гьезул гIарцуда. Масала, гьединаб къагIидаялда вахъарав учителас кинаб лъайги тарбияги кьелеб цIалдохъабазе? Гьединавго тохтурас гьабулеб лъаларев чи ватиларо…

Эбел-инсул жидерго лъималаздехун бугеб гьединаб жавабчилъи гьечIеб бербалагьиялъ гIун бачIунеб гIелалъеги обществоялъеги зарал гьаби гуребги, гIолилал гIорхъолъан рорчIарал ишал гьариялде рачинеги бегьула. Гьеб рахъалъги хIужаби гIемерал руго.

Гьединлъидалин Россиялъулги Дагъистаналъулги Президентаз хасаб кIвар кьолеб бугеб лъималазе тарбия кьеялъул рахъалъ эбел-инсул жавабчилъи букIинабиялде.

Тарбия щваралъуб ва гIадлу бугелъуб рукIуна бергьенлъабиян аби буго нилъер умумузул.

Россиялъул Федерациялъул хасаб Закон буго жидерго лъималазе тарбия кьеялъул ва гьезул цIалуда хадуб хъаравуллъи букIинабиялъул рахъалъ эбел-инсул жавабчилъи борхизабиялда хурхараб.

Гьеб рахъалъ кидагосеб хIалтIи гьабулеб буго районалъул лъай кьеялъул управлениялъги. Амма, пайда щиб, гIемерисел эбел-инсуца гьабулеб гьечIелъул.

РачIинин учителасул махщалилаб хIадурлъиялдеги, гьесул хIаракатчилъиялдеги ва обществоялда гьесул бугеб къадруялдеги.

Миллияб «Лъай кьей» абураб федералияб проекталъул тIалабал тIуразарулаго, районалъул лъай кьеялъул управлениялъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго учителасул махщалилалгун нравственниял ва педагогикиял качестваби лъикIлъизариялъеги обществоялда жаниб гьесул къадру-къимат борхизабиялъеги, гьединго ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло гьесул материалиябгун моралияб мурадбуголъи букIинабиялдеги. АнцI-анцI учитель мустахIикълъана «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» абураб хIурматияб цIаралъеги «Президентасул грант» абураб премиялъеги, жибго РУОялъул шапакъатазеги.

Узухъда, гьелъги ва



цогидал тадбиразги жидерго хIасилалги кьуна ва кьолелги руго. Гьединал учительзабазул тарбия ва лъай кьеялъул мисал ккола нус-нус учителас хIалтIулъ билъанхъизабизе мустахIикъаблъун. Гьединал учительзаби - жидерго ракIазул сахаватлъиялдалъунги, гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъулаб хIалтIуе ритIухълъиялдалъунги, тIадегIанал рухIиял качествабаздалъунги, лъималазде бугеб рокьиялдалъунги мустахIикълъулел руго тIолазулго адаб-хIурматалъе.

Гьединазул гьанир цIарал рахъичIониги, гьел лъала районалдаго, батIаго ЕГЭ кьолеб заманалда. Гьезда хадур,лъималазе кумек къваригIарал, эбел-инсул мухъал рукIунел руго экзаменазул къоязда, хIатта гьезие мухьгицин кьезе лъугьунел руго.

Дунялалъулго захIматхалкъалъул гIакълучи ва учитель В. И. Лениница абуна учителасул къадру-къимат борхизабизе ва жеги борхизабизе кколилан. Гьединан букIинеги букIана СССралъул заманалда. Гьел рукIунаан батIи-батIиял даражаялъул депутаталлъунги, партиялъул тIадегIанал органазул членаллъунги, гьел рахъунаан Социалистияб ЗахIматалъул БахIарзаллъунги, гьезул букIана хIалтIул мустахIикъаб мухьги.

Бищунго аслияб-педагогазулаб коллектив букIана росулъги, районалдаги ва шагьаралдаги творчествоялъулаб къуватлъунги, гIицIго цIалдохъабазул гуребги, эбел-инсулгицин ракIазулъги, бутIрузулъги рухIиял бечелъаби рессулел хIаракатчагIилъунги.

Дирго хасаб пикруялда, жакъа гьеб бугилан абизе кIоларо. Гьелъие гIиллабазул цояблъун батизе бегьула, эбел-инсул гIарцудалъун школаги ВУЗалги лъугIинари, гIолохъанал учительзабазул лъаялъул гIодобегIанаб даража.

ГIолохъанал учительзабазул махщелги хIаракатчилъиги борхизабиялъе квербакъи гьабизе кIвелаан жидер махщелги, лъайги, цIикIкIараб хIалбихьиги ва къадру-къиматги бугел педагогазда. Гьелин абуни дагьал гьечIо районалъул школазда.

ЕГЭ кьеялъул хIалуцарал къоязда тIатунеб буго районалъул школазда гIезегIан учительзаби ругеблъи гьелъул суалазе жавабал кьезе кIоларел. КIудияв гIалимчи-педагог Н. Буолаца абуна: «МухIканго жидедаго бичIчIунесда гурони мухIканго цогидазухъе кьезе кIоларо»,-ян.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

